NEW RENAISSANCE international scientific journal
ResearchBib IF - 11.01, ISSN: 3030-3753, Volume 2 Issue 6

# BALALAR SHAYÍRLARÍ DÓRETPELERINDE YUMORLÍQ OBRAZLAR

**Esbosinova Dilara Jańabaevna**
Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı tayanısh doktorantı.

***https://doi.org/10.5281/zenodo.15628495***

***Annotaciya.*** *Maqalada tiykarınan qaraqalpaq balalar poeziyasında yumorlıq obrazlardıń beriliw ózgeshelikleri balalar shayırları dóretpeleri mısalında asgıp beriledi.*

***Gilt sózler:*** *yumor, satira, allegoriyalıq súwretlew, tımsal.*

## HUMOROUS IMAGES IN CHILDREN'S POEMS

***Abstract.*** *In the article, the variations of humorous images in children's poetry are presented on the example of children's poems.*

***Keywords:*** *humor, satire, allegorical plot, timsal.*

## ЮМОРИЧНЫЕ ОБРАЗЫ В ДЕТСКИХ СТИХАХ

***Аннотация.*** *В статье на примере детских стихотворений представлены вариации юмористических образов в детской поэзии.*

***Ключевые слова:*** *юмор, сатира, аллегорический сюжет, тимсал.*

Dúnya ádebiyattanıw iliminde kórkem ádebiyattıń ajıralmas bir bólegi bolǵan balalar ádebiyatınıń jaratılıw tariyxı, payda bolıw derekleri, janrlıq qásiyetleri, kórkemligi, ádebiy-estetikalıq hádiyse sıpatında bul ádebiyattıń ózine tán qásiyetlerine úlken itibar qaratılmaqta.

Kórkem ónerdiń ayrıqsha bir bólegi bolǵan yumor áshkaralaw óneri sıpatında beriliw usılları, obrazlılıǵı, tárbiyalıq áhmiyeti menen balalar ádebiyatında da óziniń ayrıqsha áhmiyetine iye.

Qaraqalpaq balalar ádebiyatında yumor – bul jas kitap oqıwshılardı kúldiriw, olarda kóterińki keypiyat oyatıw menen birge, olardı ádep-ikramlılıq sabaqlarına baǵdarlaytuǵın ózine tán ádebiy jónelis esaplanadı.  Bul baǵdarda jazılǵan dóretpeler kóbinese kúlkili waqıyalar, bórittirilgen obrazlar, sóz oyını hám ápiwayılıǵı menen ajıralıp turadı. Qaraqalpaq balalar poeziyasında bul janr ózine tán ráwishte klassikalıq ádebiyat penen xalıq awızeki dóretpelerinen sabaq alǵan dóretiwshi shayırlarımız tárepinen jáne de  bayıtılmaqta. Bunday mazmundaǵı shıǵarmalar kishkene kitap oqıwshılardıń dúnyaqarasınıń keńeyiwine xızmet etiw menen birge, didaktikalıq syujetler olardıń xarakterine de óziniń unamlı tásirin tiygize alıwı sózsiz.

Gúzetiwler tiykarında sońǵı dáwirde balalar shayırlarınıń dóretpelerin analizley otırıp, balalar poeziyasında yumorlıq obraz jaratıwda, tiykarınan, eki jónelis ústemlik etiwin aytıwımız múmkin: Birinshisi, balalardı yumorlıq obraz sıpatında tiykarǵı qaharman etip dóretilgen qosıqlar.

Bul túrdegi dóretpeler balalardıń tábiyatında ushırap turtuǵın ayırım shoqlıq, erinsheklik, buzǵınshılıq ádetleri quwnaq kúlki menen ashıp beriledi. Bul baǵdarda balalar shayırları S.Abbazov, R.Aytmuratov, A.Aqnazarov, Y.Ájimov, J.Dilmuratov, K.Ernazarov  hám basqa da shayırlardıń dóretken yumorlıq obrazları ayrıqsha áhmiyetke iye. Olardıń dóretpelerinde ashıp berilgen obrazlar tiykarınan mektep hám baqsha jasındaǵı balalardıń is-háreketleri, qáte is etiwi arqalı pushayman bolıwı, bunnan ómirlik sabaq toplawı kúlkili syujetke qurıladı hám onda sol bala yumorlıq obraz sıpatında qatnasadı.

Qaraqalpaq balalar ádebiyatında “Shokoladı qánekey?”, “Diafilm operaciyası”, “Bala menen ılaq” hám bunnan basqa da onǵa jaqın toplamları menen belgili shayır Axmet Aqnazarovtıń bir qatar qosıqları yumorlıq obrazlar menen bayıtılǵan.

Shayırdıń “Salaqbay kitapxanada”, “Er bolsań”, “Nátiyje”, “Sebep” sıyaqlı bir qatar qosıqlarında kishi jastaǵı balalardıń unamsız is-háreketlerin áshkaralaw arqalı basqalarǵa bunday háreketler islemewin eskertip úgit-násiyat jasaǵanın kórsek boladı. Máselen, “Salaqbay kitapxanada” qosıǵında:

Alıp qolǵa,
Qos kitaptı,
Keldi ol da,
Aytqan waqtı.

Sara apay,
Kitaplardı,
Asıqpay jay,
Qarap aldı.

Hám ayttı soń:
- Haw, sen, shıraq,
Oqıpsań-ǵo
Birewin-aq!

- Ne? – dep “shıraq”,
Atıp turdı.
Isi biraq,
Aytıp turdı:

Bir kitabı –
Taza, appaq.
Ekinshisi –
Qara satpaq!...

Bul qosıqta mektep kitapxanasınan oqıyman dep eki kitap alıp ketken Salaqbaydıń tek bir kitaptı oqıp, ekinshisin hátteki bir betin de ashpastan qayta tapsırıwı jeńil kúlki arqalı bayanlanǵanı menen, qasındaǵı basqa doslarıń bul is qáte ekenligin, jaslıq waqıtta alınǵan bilim erteńgi kelesheginiń tiykarı ekenligin uqtırmaqta.

Jáne bir balalar shayırı Kóbeysin Ernazarov ta óziniń balalarǵa arnalǵan dóretpelerinde yumorlıq obrazlar arqalı balalar turmısında júz beretuǵın is-háreketler menen turmıslıq waqıyalardı ashıp bergenligin kóriwimizge boladı. Máselen, shayırdıń “Muzǵalaq” dep atalatuǵın qosıǵında:

Jawınnıń sońı,
Boldı muzǵalaq.
Oqıwdan qayttıq,
Áste sırǵanap.
“Abayla” dedim,
Dostım Shırazǵa.
Úyge jetiwge,
Ele biraz bar.
“Óziń saq bol” dep,
Pitpey-aq sózi.
Shalqama túsip,
Jatırman ózim.

Qosıqta kishkene mektep jasındaǵı balalar turmısındaǵı mine, usınday kúlkili waqıyalardı beriw arqalı birinshiden, oqıwshıda kúlki oyatsa, ekinshiden bir insandaǵı qáte-kemshilikti aytpay turıp, ózińde bar bolǵan kemshiliklerdi dúzewiń kerek degen tárbiyalıq mazmun jámlengenligin kórsek boladı.

Sońǵı dáwirde balalar poeziyasında quwnaq kúlki esaplanǵan yumordı dóretiwde allegoriyalıq obrazlar arqalı beriwge de ayrıqsha áhmiyet qaratılmaqta. Shayırlar satiralıq obraz jaratıwda da, yumorlıq obrazlar jaratıwda da allegoriyadan nátiyjeli paydalanbaqta.

Biraq satiralıq obraz jaratıwda, kóbirek ertek, gúrriń hám ráwiyatlarda satiralıq tımsal dárejesine kóterilgen qasqır, túlki, tıshqan, ǵarǵa, shımshıq sıyaqlı haywanatlar hám quslar

obrazınan paydalansa, yumorlıq obrazlar jaratıwda hár túrli haywanatlardan tısqarı ósimlikler álemi, túrli predmet, túrli waqıya-hádiyseler hám insanlar arasındağı ózara múnásibetlerge júzlenbekte.

ASQABAQ HÁM SEKERPARA
Bultqa usaǵan qap-qara,
Pálektiń astında Sekerpara.
Tań aǵara baslaǵan waqta,
Bılay dedi Asqabaqqa:
— “Ey Aseke, ekewimiz jasaymız bir palızda,
Biraq, keshir meni, qaraǵanda mańızǵa,
Aspan menen jer shelli parq aramızda”.
— „Ol qanday parıq?—dedi Asqabaq — aytsanız — da?“
— „Seniń gewdeń úlken-aw, biraq-ta,
Mazań mennen kemis,—dedi Asqabaqqa
— Sonlıqtan adam jemeydi pisip túspeseń tabaqqa.
Al meni, almastırıp bolmaydı
palǵa, qantqa, nabat-qa.
Jey aladı barlıq waqta,
Pisirip qalmay mashaqatqa,
Kelgenlerde qarayman dep maǵan,
Hátteki súrinedi ańsızdan saǵan.
Sekerpara sózin tamamlaǵan waqta,
Shıq astında qaq ayırıldı eki jaqqa.
* * *
Qaysınday abroyǵa iye bolsaq da arada,
Ózińdi ayrıqsha sanama.
Sóytip aynalıp júrme awaraǵa,
Usap tımsaldaǵı Sekerparaǵa.

Qaraqalpaq ádebiyatında tımsal janrında qálem terbetken shayır D.Aytmuratovtıń qálemine tiyisli allegoriyalıq usılda jazılǵan bul dóretpede berilgen sekerpara menen asqabaq ortasındaǵı eń dáslep jas kitap oqıwshılarda qızıǵıwshılıq oyatsa, sońında maqtanıp turǵan sekerparanıń qaq ayırılıp jarılıp ketiwi kúlki oyatarı sózsiz.

Tımsal sońında juwmaq berilip, insan qanday abıroyǵa erisse de hámme menen birdey insan ekenligin umıtpawı kerekligin uqtırıp turıwı dóretpeniń tárbiyalıq áhmiyeti joqarı ekenligin belgileydi. Balalar ushın jazılǵan hárqanday dóretpe kórkem, tereń mazmunǵa iye bolıwı talap etiledi. Sebebi, bul dóretpelerdi oqıw arqalı balalar dúnyanı, qorshaǵan ortalıqtı tanıydı, jaqsı menen jamandı ayıra aladı. Ilimpaz I.Qurbanbaevtıń aytqanınday, «Balalar ádebiyatı – tárbiya mektebi».

**REFERENCES**

1. Qaraqalpaq balalar ádebiyatınıń antologiyası. Nókis, «Qaraqalpaqstan», 2018.
2. Жўраева Г. Ўзбек болалар шеъриятида ҳажвия (XX–XXI аср материаллари асосида). Филология фанлари доктори (DSc) илмий даражасини олиш учун тақдим этилган диссертация автореферати. Тошкент-2022.
3. Айтмуратов Д. Тымсаллар. Нөкис, «Қаракалпақстан» 1974.